

Vwazen, Zanmi ak Fanmi

**Kouman ou
kapab idantifye
epi Ede Fanm
ki Riske Sibi
vyolans**

Eske ou santi-w konsène pou yon moun ou panse k-ap sibi abi, men ki pa konnen ki sa pou li fè. Ti liv sa esplike ki siy avan kourè ki ka pèmèt ou detekte abi e li ka esplike-w tou ki demach pou-w fè pou ou ede.

Vwazen, Zanmi ak Fanmi se yon kanpay pou sansiblize moun yo sou zak brital ke fanm ap sibi, konsa moun ki pròch fanm sa yo ki victim ou ki pròch yon gason ki vyolan kapab pote sekou.

Se responsablite tout moun k-ap viv nan yon kominote pou anpeche Gason fe vyolans sou fanm. Ou kapab kontakte òganizasyon nan kominote-w la k-ap sipòte fanm k-ap sibi abi e ki ka ede moun kap fe vyolans yo tou.

Kanpay sa se yon tèt kole ant gouvènman Ontayio Direksyon Jeneral Kondisyon Fanm an Ontaryo, Espè sou Koze vwazinaj, Zanmi ak Fanmi, avèk Sant rechèch sou vyolans kont fanm ak ti moun.



Siy avètisman sou Abi

Ou kapab sispèk yon vwazen ,yon zanmi ou byen yon manb nan fanmi ou ap sibi abi, men ou pa konnen kouman pou-w abòde problèm lan. Ou kapab pè pou-w pa agrave sityasyon an ou byen ou enkyete paske ou pa konnen ki sa pou ou fè. Lè ou finn konprann siy avankourè sou abi, ak tout siyal sou fanm ke y-ap maltrete, ou kapab bay èd.

Si ou kapab rekonèt siyal sa yo, se petèt yon bon moman pou ou aji:

Li fè fanm nan santi li pa anyen
Li vle ke se li ki pousèl kòk chante, fanm lan pa gen dwa pale
L-ap veye fanm lan tout kote menm lan travay li
L-ap eseye pase pou yon viktim e l-ap aji kòm si li te sou depresyon
L-ap chèche ekate fanm lan de lòt moun
L-ap aji kòm si dam lan se byen prive-l
L-ap bay manti pou-l ka pase pou pi bon ou byen li lan pale paròl van pou montre bon kalite ke-l swa dizan genyen
L-ap aji kòm sidire li siperyè e li gen plis valè pase tout lòt moun kap viv nan kay la

Dam lan kapab vle sere pou nèg la e chache eskiz pou li ou byen li kapab vinn agresif e an kolè
L-ap tranble lè l-ap pale devan nèg la
Li sanble yon moun ki malad e li manke jou travay pi souvan
L-ap chache kache mak blesi ke-l genyen sou po li
Li chache eskiz jiska la dènye minit pou li di-w pou kisa li pa-t ka vini nan randevou-a ou byen l-ap eseye kacheòl lè li wè ou lan la ri
Li parèt tris anpil, lese poukont, izole, e efreye
Li pran plis dròg ou byen li bwè plis tafya pou-l ka kenbe

(Kwak pi fò abi ki fèt se lan koup fanm ak gason, men gen abi tou lan koup masisi ak koup madivènèz. Konsèy ki nan ti liv sa se pou tout moun alaronbadè.)

Siyal Gro Danje

Kapab gen gran danje si:

Li gen aksè a manman e a ti moun li yo
Li gen aksè a zam
Li te konn abitye bat fanm e fe vyolans sou lot moun tou
Li te menase-l pou blese-l oubyen pou touye-l si li kite-l : Li di "Si mwen pa ka genyen-w, pesòn lòt moun pap genyen-w tou."
Li menase fè vyolans sou ti moun yo ak bèt domestik, ou byen li menase kraze tout sa madanm lan genyen te vle fe kwè lap touye tèt li
Li te bat dam lan epi, li te eseye trangle-l
L-ap pase yon move moman nan vi li (tankou job, separasyon, depresyon)
Li kwè ke fanm lan gen yon lòt minnaj

Dam lan fenk kite Mari-l ou byen l-ap prepare-l pou li kite-l
Li pè pou lavi-l e pou sekirite pitit li yo ou byen li pa vle konprann ke lavi-l an danje
L-ap batay pou ke si limenm kenbe ti moun yo ou byen li te gentan genyen lòt pitit nan relasyon li te gen anvan
Dam lan gen yon lòt minnanj

L-ap reproche fanm lan komsidire fanm lan detwi lavi-l
Li pa chache jwenn èd nan men pèsonn.
L-ap siveye tou sa fanm lan ap fè, lap koute lè l-ap pale nan telefòn, lap li let li yo e lap swiv li tout kote-l prale
Li gen difikilte pou li kenbe yon djòb
Li pran dròg ou byen li bwe tafya chak jou pa gen okenn respè pou otorite ak la lwa

Li gen de blesi dròl sou kò-l ke-l pa ka esplike
Li pa gen dwa itilize telefòn
Li ap fè fas ak anpil lòt obstak (tankou li pa pale angle, li pa gen rezidans o Kanada, l-ap viv an deyò)
Li pa gen zanmi ni fanmi

Estatistik di ke fanm ki gen mwens ke 25 an, fanm ki andikape, fanm ki se pitit tè a , e fanm kap viv nan plasaj kouri plis risk pou sibi abi. (Estatistik Kanada: Vyolans nan fanmi o Kanada. Yon Profil Estatistik 2005)

Men kèk fason ou ka ede yon fanm lè ou sispèk kèk siy ki montre pral gen vyolans:

- Pale avèk li sou sa ke ou wè e ba li asirans ke problèm li se problèm ou tou. Di li ke ou kwè nan li e ke se pa fèt li si sa rive.
- Ankouraje-l pou li pa konfronte patnèli a si l-ap planifiye pou kite kay la. li dwe proteje tèt li avan tout bagay.
- Ofri-l pou ou okipe ti moun yo pou li pandan ke l-ap chache èd.
- Resevwa li ak tout pitit li yo lakay ou ansanm ak bèt domestik ke-l genyen tou. Si li aksepte, pa kite patnè-a rantre lan kay la.
- Entèrese li pou-l mete lan yon ti valiz bagay ki enpòtan epi sere-l lakay ou an ka ke li ta gen bezwen.
- Ou dwe Konnen ke ni ou menm ni limenm kapab konpoze telefòn kay kote yo ede fanm ki sibi vyolans, nan zòn lan, si gen danje rele la polis.

Si li nye abi yo:

- Asire-l ke li ka pale avè-w nenpòt kan.
- Pa montre-l ke ou fache ou byen ou estomake kont li pou desizyon li pran. Li enpòtan pou-w konprann ke li ka pè aji, ou byen li poko pare pou li pran desizyon saa.
- Chache konprann pou ki sa li kapab gen difikilte pou li mande sekou. Li kapab se paske li santi-l wont.
- Ofri-l pou ou ede-l sizoka li ta bezwen enfòmasyon ou byen plis èd.
- Si li gen ti moun, fè li konnen avèk dousè ke w- ap sote pou sekirite-l ak sekirite ti moun li yo e pou li gen la pè despri tou. Li kapab pi vit entèrese de kondisyon li, si li realize ke ti moun li yo kapab an danje tou.

Men kèk bagay pou ou pran an konsiderasyon si ou ta genyen pou bay èd:

Pwen enpòtan	Pwen pou konsidere
Ou santi ke koze saa pa gade-w	Li kapab yon kesyon devi ou de mò. Vyolans sou fanm se zafè tout moun
Ou pa konnen ki sa pou ou di	Di ke ou pran sa oserye e ke ou santi ou konsène se yon bon depa
Ou pa ta renmen ke ou ki fè sitiasyon an vinn pi malouk	Pa fè anyen ki kapab agrave sitiasyon an
Se pa anyen grav pou rele la polis	Lapolis resevwa ansèyman sou kouman pou yo reponn e itilize lòt resous
Ou pè pou li pa fè fanmi-w avèk ou peye po kase a	Pale avèk li lè li pou kont li. Mete lapolis okouran sizoka ou ta resevwa menas

Pwen enpòtan	Pwen pou konsidere
Ou panse ke li pa vle kite kay la tout bon, vre paske tout tan lap plede tounen	Petèt li pa genyen sipò ke li gen bezwen
Ou pè pou li pa mete-l an lòlè kont ou	Li posib ke li konnen ke problèm li yo kenbe-w ak kè
Ou santi ke tou de moun yo se bon zanmi-w	Yon zanmi ap sibi abi e k-ap viv nan laperèz
Ou panse si fi-a te bezwen èd li t-ap mande	Petèt li gen gro laperèz epi li wont anpil poul ta mande èd.
Ou panse ke se yon zafè pèsònèl	Se pa lè malè rive-l

Toujou mete-w alabri. Pa rantre nan mitan yo, lè y-ap batay. Rele lapolis si gen ijans. Tout moun kapab prevni abi sou fanm.

Telefòn pou fanm ki pale franse kap sibi vyolans nan Ontaryo se : **1-877-336-2433** bay sèvis 24 sou 24. Pou Fanm ki soud ou byen ki pa tande byen, nimerò wa se: TTY **1-866-860-7082**. Tou de lin sa yo bay sèvis la de fason konfidansyèl.

Moun ki travay sou liy telefòn sa yo ka ede-w planifye pi byen sikiritew, yo kapab ede-w jwenn yon plas nan yon sant refij pou fanm ki tou pre lakay ou. E yo ka mete-w an kontak avèk lòt sant nan kominote-w la.

Pou plis renseyman sou sèvis pou fanm ki sibi vyolans, vizite : **www.briserlesilence.ca** Gen kè sote pou sekirite-w rele lapolis ki nan katye lakay ou.

*Pi fò moun kap viv an Ontaryo santi ke responsablite pa yo tou, pou konbat abi kap fèt sou fanm. Premye bagay pou-w fè, se eseye konnen siy abi yo epi pran yo a kè. Pou plis enfòmasyon vizite : **www.voisinsamisetfamilles.on.ca***